

Metropolitan Transportation Authority ("MTA"), nan non tèl li ak filyal li yo, ap òganize yon odyans piblik **Virtual** anba Dekrè Egzekitif 202.94 ak konfòmman nan **Atik 2 nan Lwa sou Pwosedir Domèn Eminent Eta New York** ("EDPL") sou akizisyon pwopriete nan enterè pwopriete pèmanan ak tanporè nan pwopriete yo nan awondisman Manhattan pou Faz 2, Kontra 2 nan **Pwojè Tren Dezyèm Avni** ("Pwojè"). Odyans lan pral revize itilizasyon piblik yo, benefis, objèktif yo, ak lokasyon Pwojè a, enpak Pwojè a ka genyen sou anviwònman an ak rezidan yo nan zòn lan, epi li pral bay piblik la yon opòtinite pou fè kòmantè sou Pwojè a ak akizisyon Pwopriete yo pwopoze a.

Deskripsyon Pwojè a

Tren Dezyèm Avni a, lè li fini, ap ofri yon liy tren ak 16 nouvo estasyon ki pral soti nan 125th St. & Lexington Ave. rive Hanover Square, pral konekte enstalasyon transpò MTA New York City ak Metro-North Railroad nan 125th St. & bay koneksyon avèk otobis. Akizisyon enterè piblik & prive byen imobilye sou wout pwojè a pral nesèse pou konstriksyon ak operasyon Pwojè a.

Faz 1 nan Pwojè a te deja fini. Kounye a, liy lan soti nan E. 96th St rive nan E. 63rd St sou Dezyèm Av., kote li rejwenn liy Broadway a ki deja egziste. Faz 2 nan Pwojè a pral pwolonje liy nò a rive nan E. 125th St. vire lwès sou E. 125th St. nan direksyon Lexington Ave. Kontra 2 gen ladan konstriksyon bwat lansman pou machin tinèl foraj yo, tinèl foraj nò soti nan 120th St. nan Dezyèm Ave. ak tinèl & min kavèn pou 125th St estasyon an ak pwochen antre nan lavni a enstalasyon oksilyè yo. Odyans Piblik sa a gen lan enterè pwopriete ki nesèse pou Kontra 2 sèlman.

Dat, Lè, ak lokasyon reyinyon vityèl la
Madi 30 Mas 2021

Odyans lan kòmanse nan 6:00 p.m. Enskripsyon pou pale ka fèt davans lè ou vizite [new.mta.info/2021EDPL-SASP2-hearing](https://www.mta.info/2021EDPL-SASP2-hearing), ki pral rete ouvè jiska dat odyans lan. Enskripsyon ap fèmen nan 6:30 p.m.

Tanpri sonje Odyans Piblik sa a ap fèt nan yon fòm **Vityèl** dapre Dekrè Egzekitif 202.94. Piblik la ka rantre nan odyans lan lè li vizite <https://mta.zoom.us/j/82605599788> oswa lè li rele 877-853-5247 (Reyinyon ID 82605599788). Y ap bay yon lyen tou sou sit entènèt MTA.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pou enskri alavans pou Pale, oswa pou Soumèt Kòmantè

Moun ki vle yo tande yo dwe enskri sou sitwèb MTA nan [new.mta.info/2021EDPL-SASP2-hearing](https://www.mta.info/2021EDPL-SASP2-hearing). Temwayaj aloral ap limite a twa (3) minit sèlman. Ou ka prezantè temwayaj aloral oswa soumèt deklarasyon alekri pito oswa pou konplete temwayaj oral ki konsènen pwojè yo pwopoze a. Nap aksepte kòmantè alekri yo anliy nan [new.mta.info/2021EDPL-SASP2-hearing](https://www.mta.info/2021EDPL-SASP2-hearing). Ou ka soumèt kòmantè yo tou pa lapòs nan: MTA Government & Community Relations, Referans: EDPL Second Avenue Subway, 2 Broadway, D17.140, New York, NY 10004

Yo dwe depoze tout deklarasyon alekri yo nan 5:30 p.m. nan dat 13 Avril 2021. Kòmantè nou resevwa apre dat ak lè sa pap konsidere.

Pou kesyon sou Odyans Vityèl la oswa Pwojè a, kontakte: Joseph O'Donnell, MTA Construction & Development, 2 Broadway, D8135, New York, N.Y.10004 Telefòn.: (646) 252- 2959 oswa [new.mta.info/2021EDPL-SASP2-hearing](https://www.mta.info/2021EDPL-SASP2-hearing).

Nenpòt pwopriete oswa lòt pati ki enterese ki ta ka vle konteste pwopriete yo pwopoze pran an travè kontwòl jidisyè ka fè sa sèlman sou baz pwoblèm, reyalyte, ak objeksyon ki te souleve nan odyans piblik EDPL la.

LOKASYON & KALITE ENTERÈ PWOPRIYETE KE YO KAPAB ACHTE

Blòk	Teren(yo)	Kalite Enterè	Adrès Kay
1909	44	Kontwòl total Pèmanan	120 West 125th Street, NY, NY
1773	1 67	Kontwòl total Pèmanan	1801-1805 Park Avenue, NY, NY 100-110 East 125th Street, NY, NY/ 101-109 East 124th Street, NY, NY
1773	69	Kontwòl total Pèmanan	1815 Park Avenue, NY, NY
1773	Pati nan Teren 20	Kontwòl total Pèmanan Dwa pasaj tanporè	142-168 East 125th St/ 2051-2061 Lexington Avenue, NY, NY
1773	Pati nan Teren 27	Kontwòl total Pèmanan Dwa pasaj tanporè	149-167 East 124th Street, NY, NY
1773	Pati nan Teren 27	Priz pasyèl Pèmanan & Dwa Pasaj sou-sifas Pèmanan	149-167 East 124th Street, NY, NY
1784	23	Kontwòl total Pèmanan	2327 Second Avenue, NY, NY
1784	122	Kontwòl total Pèmanan	2325 Second Avenue, NY, NY
1784	24	Kontwòl total Pèmanan	2329 Second Avenue, NY, NY
1784	25	Kontwòl total Pèmanan	2331 Second Avenue, NY, NY
1784	26	Kontwòl total Pèmanan	2333 Second Avenue, NY, NY
1784	27	Kontwòl total Pèmanan	2335 Second Avenue, NY, NY
1784	28	Kontwòl total Pèmanan	2337 Second Avenue, NY, NY
1784	120	Kontwòl total Pèmanan	N/A East 119th Street, NY, NY
1784	128	Kontwòl total Pèmanan	246 East 120th Street, NY, NY

Sèvis Aksè ak Èd pou kesyon Lang

Nan odyans vityèl yo CART Captioning ak Lang Siy Ameriken ap disponib.

Manm nan piblik la ki soud oswa ki difisil pou yo tande ka itilize sèvis transmisyon yo vle a oswa yo ka itilize sèvis transmisyon gratis 711 lan, epi mande pou yo konekte yo a nimewo Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777 pou yo pale ak yon ajan.

Manm nan piblik lan ki avèg oswa ki pa wè byen ka mande mezi adaptasyon anvan oswa pandan 16 Mas 2021, lè yo soumèt yon demann sou entènèt nan [new.mta.info/2021EDPL-SASP2-hearing](https://www.mta.info/2021EDPL-SASP2-hearing) oswa lè yo rele nimewo Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777.

Manm nan piblik lan ki pa gen aksè a yon òdinatè oswa ki pa gen aksè a entènèt ka tande chak odyans yo lè ou rele semènè anliy Zoom nan 1-877-853-5247 (gratis). Epi antre nimewo Webinè a 82605599788, epi apre peze siy dyèz (#).

Si w bezwen èd pou kesyon lang oswa nenpòt mezi adaptasyon, tanpri soumèt yon demann omwen twa jou biwo anvan dat odyans lan pwograme an nan yonn nan fason ki vin annapre yo: sou entènèt nan [new.mta.info/2021EDPL-SASP2-hearing](https://www.mta.info/2021EDPL-SASP2-hearing) lè ou rele nimewo telefòn Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777, oswa voye yon lèt bay **MTA Government & Community Relations, Re: EDPL Second Avenue Subway, 2 Broadway, D17.140, New York, NY 10004.**



Metropolitan Transportation Authority

www.mta.info

